



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 29 desanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 13 LÒT BIZNIS PRAL KREYE PLIS PASE 260 NOUVO DYÒB NAN ETA NEW YORK NAN KAD START-UP NY

Plis pase 2.100 nouvo dyòb, \$98 milyon nan investisman sektè prive depi lansman pwogram nan

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse 13 lòt biznis pral agrandi oswa lokalize nan Eta New York kòm yon rezilta START-UP NY, kote yap vin mete sou plis pase 40 konpayi yo kap patisipe deja nan nouvo inisyativ la ki kreye zòn san taks ki gen kòm sponso kolèj ak inivèsite toupatou nan eta a.

Yo prevwa 13 biznis yo ki anonse jodi a pral investi plis pase \$11.4 milyon epi angaje yo pou kreye omwens 268 nouvo dyòb nan zòn san taks ki gen kòm sponso Canisius College, Keuka College, Stony Brook University, SUNY Downstate Medical Center, SUNY Ulster ak University at Buffalo. Dènye gwoup konpayi sa ki antre nan pwogram lan fè total biznis kap patisipe nan START-UP NY la rive 55, sa ki reprezante angajman pou kreye plis pase 2.100 nouvo dyòb ak pou investi plis pase \$98 milyon atravè Eta a.

“START-UP NY ap kontinye chanje jwèt la lè sa gen pou l wè ak ekonomi Eta a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lè li konbine mendèv nivo mondyal ak kominote san parèy ak anviwònman natirèl Eta nou an ak chans pou l opere san taks, pwogram sa ap atire biznis yo ki pral devlope ekonomi New York epi kreye dyòb ak nouvo opòtinite pou plizyè ane ankò. Bon nouvèl ap soti san rete nan START-UP NY, epi mwen kontan anpil pou m akeyi nouvo biznis sa yo nan pwogram lan.”

Biznis START-UP NY yo kap agrandi oswa enstale nan Empire State pral kreye dyòb nan plizyè endistri enpòtan, tankou rechèch ak devlopman byoteknoloji, fabrikasyon modèn, teknoloji edikasyon, tretman, ebèjman ak sèvis enfòmasyon, sèvis sistèm sekirite ak devlopman lojisyèl.

Biznis annapre yo te apwouve lotre jou nan START-UP NY: FlightPartner; GradFly, Inc.; ID Federator, LLC; Illuminating Diagnostics, LLC; Mid-Island Aggregates/Distribution, LLC; NomoCan Pharmaceuticals, LLC; Nuenz, Inc.; ProGen Life Sciences; Sensored Life, LLC; Simply Natural Clothing; Sustainable Waste Power Systems, Inc.; UTS, LLC; ak Zuznow USA, Inc.

Prezidan, PDG & Komisyònè Empire State Development, Kenneth Adams, te di konsa, “START-UP NY bay prèy li se yon kreyatè aktivite ekonomik kap kreye travay ak transfòmè kominote atravè Eta New York.”

Haitian Creole

Nouvo biznis yo twouve yon an zòn san taks sou kanpis SUNY nan ejyon Vil New York, Long Island, Finger Lakes ak Buffalo pral gen aksè nan resous mondyal, espè sektè ak enstalasyon rechèch avanse, epi anretou yo pral ofri elèv SUNY opòtinite pou cultivate esperyans komèsyl real-world.”

“State University of New York fyè pou l rete nan mitan inisyativ dinamik sou plan ekonomik sa epi nou espere resevwa nouvo konpayi sa yo nan kanpis nou yo,” te deklare Rektè SUNY a, Nancy L. Zimpher. “START-UP NY toujou rete yon benediksyon pou patenarya biznis nan chak rejyon pandan l ap bay aksè ak opòtinite san parèy pou elèv ak pwofesè SUNY.”

Chak biznis yo ki apwouve pou START-UP NY gen kòm sponso yon enstitisyon edikasyon piblik. Plis detay:

University at Buffalo – 130 nouvo dyòb

GradFly, Inc. se yon biznis teknoloji edikasyon ki egziste deja ki baze nan Buffalo depi lane 2013. Konpayi a ofri yon platfòm mobil sou entènèt ki pèmèt elèv STEM (Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik) prezante travay yo epi konekte ak lòt elèv, kolèj ak konpayi atravè kreyasyon pòtfèy dijital pou dokimante epi jere pwòje jeni yo nan yon sèl kote. GradFly pral chita nan Sant Inovasyon ki nan Buffalo Niagara Medical Center a epi kreye 15 nouvo dyòb pandan l ap investi \$45.000.

ID Federator, LLC se yon nouvo konpayi demaraj, lansman pwodi pwòch, ki founi Sèvis ebèjman Identity and Access Management (IAM) epi pral vann yon sèvis ebèjman IAM login sosyal yo rele Chameleon Identity. Mache ebèjman IAM la ap grandi vit epi pandan itilizatè entènèt ap akimile anpil idantite login nan men plizyè founisè, pwopriyetè sit wèb bezwen pi bon fason pou yo asepte ak itilize referans sa yo pou byen stoke ak itilize enfòmasyon itilizatè yo bay. Pwopriyetè sit wèb dwe tou respekte kondisyon founisè ID sosyal yo pou konsève ak jere enfòmasyon yo. ID Federator pral chita nan Gateway Building lan epi kreye 43 nouvo dyòb pandan l ap investi \$75.000.

Illuminating Diagnostics, LLC se yon konpayi demaraj byotèk ki pral pwodi nouvo tès dyagnostik rapid pou enfeksyon moun trape lopital, tankou MRSA. Tès yo bay rezilta nan apeprè t10 minit, pandan pasyan ap resevwa swen, epi analiz laboratwa pa nesesè. Se yon diplome University at Buffalo ki ki kreye konpayi an nan rejyon Lwès New York pou komèsyalize tès yo epi jwenn apwobasyon FDA pou itilizasyon klinik. Konpayi an pral chita nan Biosciences Incubator epi kreye 32 nouvo dyòb pandan l ap investi \$1.225.000.

Nuenz, Inc. se yon konpayi demaraj yo kreye pou pwodi yon materyèl nano seramik modèn, fib nano nitrid silikòn, ki gen yon kokenn potansyalite itilizasyon nan konpozit ki gen wo nivo pèfòmans pou ayewoespas, otomobil, defans, enèji, endistri ak lòt mache. Prensipal kliyan teknoloji ki te devlope nan Nouvèl Zeland, se fabrikasyon konpozit ki twouve yo nan tout peyi Etazini. Konpayi an pral chita nan Baird Research Park epi kreye 40 nouvo dyòb pandan l ap investi \$3.830.000.

Prezidan University of Buffalo a, Satich K. Tripathi, te di konsa, “Adisyon konpayi sa yo nan START-UP NY se yon lòt afimasyon pwogram tou nèf sa ki plase anba kòmmanman Gouvènè a ap fleri nan rejyon

Buffalo Niagara. Pwogram lan ap pote pwofesyonèl byen fòmè nan rejyon nou an epi ap ofri bon okazyon pou sila yo ki deja sou plas. Se yon kokenn avantaj pou antrepriz akademik UB.”

Stony Brook University – 51 nouvo djòb

FlightPartner se yon konpayi demaraj ak sèvis lojisyèl (SaaS) ki bay transpò nan chatè efikas atravè yon rezo distribisyon mondyal. FlightPartner ankouraje teknoloji, kote li bay operatè avyon chatè, brokè ak vwayajè pwofòma rapid ak opsyon rezèvasyon. Konpayi an pral chita nan CEWIT Incubator Stony Brook University a epi pral kreye nèf nouvo dyòb.

UTS, LLC se yon biznis ki la deja kap agrandi sou Long Island ak 20 lane esperyans nan machin elektrik ak mache machin elektrik ibrid. Konpayi an devlope yon sistèm stokaj enèji apati pwòp kondansatè wo nivo kapasite pa yo, tankou stokaj, jesyon ak kontwòl pou machin leje, mwayen ak lou ki peze ant 6.000 ak 8.000 liv. GVW. Konpayi a pare pou l kòmanse vann pwodi li a epi pral chita nan Advanced Energy Research and Technology Center pou kreye 22 nouvo dyòb pandan l ap envesti 1.2 milyon

ProGen Life Sciences se yon nouvo biznis nan sektè fabrikasyon sibstans pou fè dyagnostik. Konpayi an pral devlope makèbyo dyagnostik kap gide doktè nan chwazi metòd terapetik pi efikas la nan pran desizyon klinik. ProGen Life Sciences pral chita nan Long Island High Technology Incubator sou kanpis Stony Brook University a epi kreye 13 nouvo dyòb pandan l ap envesti \$1.690.000.

Zuznow USA, Inc. se yon nouvo biznis alafwa nan New York ak peyi Etazini, ki anvan sa te gen yon sèl biwo nan peyi Izrayèl ak ankenn lòt prezans nan peyi a. Konpayi a ap devlope yon platfòm adaptasyon mobil otomatik pou aplikasyon antrepriz sou entènèt. Jiska jounen jodi a, 40 ti biznis ak mwayèn biznis ak antrepriz nan peyi Izrayèl ap itilize platfòm Zuznow a pou “mobilize” aplikasyon yo. Pwochen mache konpayi a vize se peyi Etazini, sitou gran zòn New York City a. Li pral chita nan CEWIT incubator Stony Brook University a, epi pral kreye sèt nouvo dyòb pandan l ap envesti \$29.300.

SUNY Ulster – 44 new jobs

Mid-Island Aggregates/Distribution, LCC se yon nouvo biznis New York ki pral refabrike dechè min ki genyen nan zòn nan epi transfòmè yo nan pwodi konstriksyon itil pou pwojè amenajman peyizaj, reparasyon ak konstriksyon. Konpayi an idantifye yon pil ak pakèt ansyen sit min, epi idantifye gwo rezèv sab, wòch ak depo ajil fen ki gaye nan tout Eta a. Konpayi a pral chita nan Callahan Industries Plant epi kreye senk nouvo dyòb pandan l ap envesti \$1.540.000.

Sustainable Waste Power Systems, Inc. (SWPS) se yon nouvo biznis nan New York ki founi pwodi ak sèvis ki strikitre apati sistèm enèji ak dechè patante li a yo vann sou non GIPO - Garbage In Power Out. SWPS ap vann nouvo metòd konvèsyon pwòp sa atravè fabrikasyon ak vant sistèm konvèsyon ti kantite dechè, sou plas, kap bay avantaj ekonomik nèt pou kliyan an. Konpayi an pral chita nan Building 22 nan Tech City epi kreye 39 nouvo dyòb pandan l ap envesti \$516.780.

Keuka College – 17 nouvo dyòb

Sensored Life, LLC se yon kreyatè ak fabrikan MarCELL®, yon aparèy siveyans kay pou kontwòl tanperati, imidite, kouran ak fwit dlo. Li itilize rezo selilè ki nan anviwonman an pou voye tounen enfòmasyon nan sèvi li yo – liy telefòn oswa koneksyon Wi-Fi pa nesesè. Konpayi an pare pou l vann pwodi ak sèvis la epi l ap chèche ajoute anpwayer, tankou enjenyè lojisyèl, kreyatè materyèl enfòmasyon, staf sèvis kliyantèl ak anpwayer depo. Sensored Life pral chita nan Keuka Business Park epi kreye 17 nouvo dyòb pandan l ap envesti \$140.000.

Canisius College – 16 nouvo dyòb

Simply Natural Clothing se yon konpayi ki la deja kap agrandi nan Eta New York kap fabrike rad ak akseswa ekodeliks pou gason ak fi. Rad yo fèt ak fib òganik peyi Etazini ak yon konsèp “soti nan fèm pou rive nan mache”, kap itilize founisè lokal materyèl brit tankou alpaga ak koton. Konpayi an ap envesti nan pwòp ekipman konfeksyon rad pa li epi ap kreye dyòb nan domèn ki gen rapò ak teknoloji 3D. Simply Natural Clothing pral chita nan Canisius Women’s Business Center epi kreye 16 nouvo dyòb pandan l ap envesti \$1.033.600.

SUNY Downstate Medical Center – 10 nouvo djòb

NomoCan Pharmaceuticals, LLC se yon biznis rechèch byoteknoloji nouvo nan Eta New York ak pwodi nan devlopman pou dyagnostik ak tretman kansè pankreya. Konpayi an pral chita nan Enkibatè Bio-teknoloji SUNY Downstate epi kreye 10 nouvo djòb pandan l ap envesti \$155.000.

Doktè John F. Williams, Jr., prezidan SUNY Downstate Medical Center, te di konsa, “Plan devlopman ekonomik START-UP NY Gouvènè Cuomo a toujou ap founi okazyon pou SUNY ka benefisye ekonomi lokal la. Nou kontan anpil pou n akeyi konpayi enteresan anpil sa nan nouvo kanpis nou an epi konstwi patenarya rechèch ak akademik nou an.”

Enfòmasyon sou START-UP NY

START-UP NY te kreye nan lane 2013. L ap chèche akselere lespri antreprenè ak kreyasyon dyòb nan tout eta a sou yon gwo baz, ak yon konsantrasyon espesyal sou rejyon nò New York. Sistèm kanpis State University of New York (SUNY) a, City University of New York (CUNY), ak inivèsite prive ak kolèj kominotè y sèvi kòm yon estrikti pou pwogram START-UP NY la pou atire teknik avanse ak lòt demaraj, kapital pou antrepriz, nouvo biznis ak investisman k ap sòti tout kote nan lemond. Nan kad pwogram lan, biznis yo gen opòtinite pou yo fonksyone san taks pandan 10 lane sou kanpis ak espas kalifye. Biznis asosye ak entitisyon etid siperyè yo pou pèmèt yo jwenn espè nan sektè a ak laboratwa rechèch avanse.

Depi yo asepte yon kolèj oswa inivèsite nan START-UP NY, biznis ki enterese yo kapab kòmanse aplike pou pwogram lan atravè lekòl ki sponsò a. Apre kolèj oswa inivèsite kap sponsorize a ansanm ak Empire State Development fin fè yon etid konplè ak detaye yon aplikasyon, biznis apwouve ki kreye nouvo dyòb

pral opere 100 pousan zan taks pandan 10 ane, kote yo pap peye enpo sou revni eta a, enpo komèsyal oswa taks antrepriz onivo eta oswa lokal, taks sou lavant, taks sou pwopriyete oswa frè franchiz.

Jiska jounen jodi a, 61 lekòl te apwouve pou START-UP, san bliye kat CUNY ak 15 enstitisyon prive, ki kreye plis pase 345 zòn san taks pou nouvo biznis ak sa kap grandi yo pou opere nan oswa toupre kanpis yo. W ap jwenn chak Plan START-UP NY lekòl apwouve nan www.startup-ny.com.

START-UP NY gen ladan bon dispozisyon ki bay pwoteksyon kont fwod. Biznis blije soumèt sètifikasyon nan ESD, epi bay manti nan sètifikasyon yo se yon krim. Pwogram lan gen ladan tou dispozisyon sevè pou pwoteje kont abi tankou chanjman djòb pami ajans ki konsène yo oswa “k ap fè ti chanjman,” lè yon konpayi jis re-fòm anba yon nouvo non epi li deklare anlwaye li genyen deja yo se nouvo djòb kounye a. Mete sou sa, START-UP NY gen ladan mezi pou anpeche operasyon entèn ak konfli enterè. Lè gen fwod, Eta a ap gen dwa pou rekipere avantaj yo bay pou biznis yo. Konpayi ki pa satisfè kondisyon pwogram nan - tankou lè yo pa satisfè limit kreyasyon djòb yo - ka gen avantaj yo diminye, sispann oswa elimine. ESD gen otorizasyon pou l analize enfòmasyon konpayi an pou asire yo te kreye ak konsève djòb yo, epi pou mete yon pwen final nan patisipasyon konpayi ki pa kreye nouvo djòb ditou. ESD gen obligasyon pou l pibliye yon rapò jeneral chak ane pou pèmèt piblik la evalye enpak pwogram lan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride